

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dijéntrékeun dina bab IV, ngeunaan gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda tilikan stilistik jeung semantik bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

1. Tina 1675 data babasan jeung paribasa, kapanggih aya 111 babasan jeung paribasa Sunda anu ngagunakeun gaya basa ngupamakeun nyaéta 57 babasan jeung 54 paribasa.
2. Tina hasil analisis data, wanda gaya basa ngupamakeun winangun ngaran awak sakujur jumlahna 12, ngaran sasatoan 23, ngaran tutuwuhan 12, ngaran kaayaan alam 8, ngaran barang 29, sarta ngaran laku lampah 27 babasan jeung paribasa.
3. Tina 111 data babasan jeung paribasa anu ngagunakeun gaya basa ngupamakeun kapanggih tujuh wanda kecap panyambung anu digunakeun nyaéta *asa* aya 28, *cara* aya 3, *ibarat* aya 2, *jiga* aya 1, *kawas* aya 69, *lir* aya 4, jeung *sig* aya 4.
4. Dumasar kana harti babasan jeung paribasa anu ditalungtik tina aspék sipatna, ieu data kapanggih aya 22 babasan jeung paribasa anu nuduhkeun sipat harti positif, 62 babasan jeung paribasa nuduhkeun sipat harti négatif jeung 27 babasan jeung paribasa anu nuduhkeun sipat harti nétral. Sedengkeun ditilik tina acuan harti dina babasan jeung paribasa, kapanggih harti anu nuduhkeun kaayaan aya 54 dina babasan jeung paribasa, anu nuduhkeun rupa aya 24 dina babasan jeung paribasa, anu nuduhkeun tempat aya 4 dina babasan jeung paribasa, sarta aya 29 dina babasan jeung paribasa.

5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda tilikan stilistik jeung semantik, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun ku nu nulis, di antarana:

1. Ieu panalungtikan masih kénéh kaitung heureut dina wangun gaya basa, lantaran dina ieu panalungtikan ngan saukur gaya basa ngupamakeun

wungkul anu dipedar. Sedengkeun wanda gaya basa kaitung reumbeuy pisan. Ku kituna, wanda gaya basa séjéna gé bisa dipaluruh dina babasan jeung paribasa pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh jeung kabeungharan kecap.

2. Ieu panalungtikan babasan jeung paribasa bisa ditalungtik tina rupa-rupa widang paélmuan teu ngan saukur stilistik jeung semantik, tapi paélmuan nu séjénna ogé bisa ditalungtik, saperti filsafat, psikologi, sosiologi, atikan, jrrd.
3. Babasan jeung paribasa bisa dijadikeun hiji hal anu unik di kahirupan urang Sunda. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan anu aya patalina jeung budaya kasundaan.
4. Babasan jeung paribasa perlu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, boh dilarapkeun dina pangajaran di sakola, boh dilarapkeun langsung di lingkungan masarakat sangkan generasi ngora bisa wanoh kana ungkapan-ungkapan anu aya sajeroning budaya urang Sunda.